# Т. ЖУМАМУРАТОВТЫҢ “ТЫРНА МЕНЕН ЖЫЛАН” ЕРТЕК-ПОЭМАСЫНЫҢ КӨРКЕМЛИК ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

**Ш. Сайымбетов**
Өзбекистан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими
Қарақалпақ гуманитар илимлери илим-изертлеў институты

## АННОТАЦИЯ

Мақолада қорақалпоқ халқ шоири Т.Жумамуратовнинг “Тирна билан илон” эртак-поэмасининг бадиий ҳусусиятлари ўрганилган. Поэмадаги халқ эртаклари билан боғлиқ бадиий тасвир усуллари, образ ва мотивлар ўрганилган.

**Калит сўзлар:** эртак-поэма, халқ эртаклари, дидактика, идея, образ, мотив, ҳаёлий тасвирлар.

# ХУДОЖЕСТВЕННЫЕ ОСОБЕННОСТИ СКАЗКИ-ПОЕМЫ Т.ЖУМАМУРАТОВА “ЖУРАВЛ И ЗМЕЯ”

**Ш. Сайымбетов**
Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан

## АННОТАЦИЯ

В статье рассматриваются художественные особенности сказки-поэмы «Журавл и змея» каракалпакского народного поэта Т.Жумамуратова. Изучаются способы художественного изображения, образы и мотивы, связанные с народными сказками в поэме.

**Ключевые слова:** сказка-поэма, народные сказки, дидактика, идея, образ, мотив, фантастические образы.

# ARTISTIC FEATURES OF T. ZHUMAMURATOV’S FAIRY TALE-POEM “THE CRANE AND THE SNAKE”

**Sh. Sayimbetov**
Karakalpak research institute of humanities of the Karakalpak branch of the academy of sciences of the Republic of Uzbekistan

**ABSTRACT**

The article examines the artistic features of the fairy tale-poem “The Crane and the Snake” by the Karakalpak folk poet T. Zhumamuratov. Methods of artistic depiction, images and motifs associated with folk tales in the poem are studied.

**Keywords:** fairy tale-poem, folk tales, didactics, idea, image, motive, fantastic images.

1950-жыллардан соң қарақалпақ әдебиятында поэма дөретиўде дидактикалық ҳәм тәлим-тәрбиялық характердеги ўақыя-ҳәдийселерди көркем сүўретлеўге, аўызеки халық дәстүрлеринен, әсиресе, халық ертеклериндеги көркем тәжирийбелерден жийи пайдаланыўға айрықша дыққат қаратылды. Нәтийжеде, қарақалпақ поэмаларының ишки қурылысына қыялый-фантастикалық сүўретлеў усыллары кирип келди. Рус фольклорист алымы В.П.Аникин усындай қыялый сүўретлеў усылының жазба әдебиятқа белгили бир мақсетлер менен сиңисип атырғанлығына итибар қарата отырып, соңғы шығармаларда оның «поэтикалық дәстүрге айланып, әдебиятта белгили бир көркем-идеялық мақсетлер ушын хызмет етеди»[1; 225-226] – деп көрсетеди. Бул пикирлердиң шынлыққа дурыс келетуғынлығын, қарақалпақ әдебиятында XX әсир 50-жылларынан соң көркем сөз ийелериниң оқыўшылар қәўимине жеткережақ болған идеясының ертек түриндеги қыялый ўақыя-ҳәдийселер арқалы астарлы мәниде сәўлелене баслаған жаңа ертек-поэмалардың пайда болыўы менен тастыйықлаўымызға болады. Адыгейлердиң ертек-поэмаларының идея-эстетикалық өзгешеликлерин үйренген излениўши Ж.К.Шорованың сөзи менен айтқанда, «ертеклик фантастика ўақыттың өтиўи менен итибарлы характерге ийе болды ҳәм социаллық аллегоризм формасында сүўретлене баслады»[6; 5].

Ертек-поэмалар өзине тән спецификалық өзгешеликлерге ийе болады. Оларда ўақыя-ҳәдийселердиң көркем сәўлелениўи шайырдың индивидуал дөретиўшилик таланты, мақсетли идеялық нийети, көркем-эстетикалық ой-пикирлери арқалы әмелге асырылады. Халық ертеклериндеги қыялый сүўретлеў усыллары, дөретиўшиниң усы идеялық нийетиниң поэтикалық көринисте сәўлелениўин тәмийинлейди. Яғный, қыялый-фантастикалық сүўретлеўдиң көркемлик хызмети шайырдың айтажақ идеясының жүзеге шығыўына бойсындырылады. Солай етип, жазба әдебиятқа тән ертек-поэмаларда объектив өмир шынлығы, қаҳарманлардың қарым-қатнас мүнәсибетлери, характерлик белгилери, шайырдың нийети бойынша халық ертеклериндеги қыялый ўақыялар, көркем образлар, поэтикалық усыллар тийкарында сүўретленеди.

Соның менен бирге, «дәстүрли конфликтлер де ертеклик сюжет жәрдеминде шешиледи»[2; 29].

Қарақалпақ әдебиятында ертек-поэмалардың жетилисиўинде халық шайыры Т.Жумамуратов гиреўли орын ийелейди. Ол «Қәсийетли гәўҳар тас ҳәм ақыллы шопан ҳаққында ертек», «Кийиктиң еки ылағы», «Тырна менен жылан» ертек-поэмаларында дидактикалық характердеги әҳмийетли мәселелерди көркем сәўлелендириўге еристи. Шайыр келешек әўладтың ақыллы, билимли, әдепли болып өсип жетилисиўи ушын өз ақыл-нәсиятларын көркемлеп бериў мақсетинде халық ертеклерине характерли традициялық сүўретлеўлерден шебер пайдаланды. Әсиресе, халық шайыры балалардың сана-сезимине әдеп-икрамлылықты қыялый-фантастикалық ўақыялар арқалы сиңдириўге, тәлим-тәрбиялық характердеги идеяларды ертек формасындағы образ ҳәм мотивлер тийкарында жеткериўге үлкен әҳмийет берди. Мәселен, Т.Жумамуратов «Тырна менен жылан» поэмасында менменликке берилмеў, жақсылыққа жаманлық ислемеў, ўәдеге турақлы болыў усаған тәлим-тәрбиялық мәселелерди көтерип шыққанлығын көремиз:

Асқынлама күшли болсаң,
Өзиңди тут мушлы болсаң,
Ақыллыдан кеңес сора,
Мүсийбетли исли болсаң.

Егер сени аспан көкке,
Ким ушырса, етпе өкпе,
Өз ўәдеңе ўапалы бол,
Жақсылыққа қылап етпе[1; 252].

Халық шайыры бундай ақыл-нәсиятларын балалардың ишки кеўлине терең сиңдириў нийетинде жақсылық пенен жаманлық арасында кешкен гүрес сүўретленетуғын қыялый ўақыя-ҳәдийселерден пайдаланып, өзиниң дидактикалық ой-пикирлерин аллегориялық усылда ашып берген. Ол поэмаға ҳайўанатлар ҳаққындағы халық ертеклерине байланыслы болған тырна менен жылан образын таңлап алады ҳәм менменлик, жаўызлық, жалатайлық қәсийетлерди жылан, ал, садалық, жақсылық етиў, ўәдеге турақлы болыў ҳәм батырлыққа тән белгилерди тырна арқалы көркем сүўретлейди. Шығармадағы қыялый ўақыялардың поэтикалық көринисин усы тырна менен жыланның ис-ҳәрекетлерин, қарым-қатнас мүнәсибетлерин баянлаў арқалы көркем сәўлелендиреди. Яғный, күнлердиң биринде көлдиң жағасында бақа, қус палапанлары менен азықланып, оларға азар келтирип жүретуғын жылан, тырнадан қәўипсинип, оған жалатайлық ете баслайды ҳәм оның менен сырттан

досласады. Ол көлдиң дөгерегинде жасап атырған басқа жәнликлерге азар жеткерип, өзининң қара нийетин әмелге асырыўда тосқынлық жасайтуғын тырнаның кеўлин алып, оны жоқ қылыўға қолай пайытты гөзлеп, көл этирапындағы жәнликлерге зулымлық етип жүреди. Тырна өз садалығы, ақ көкиреклиги менен жыланның ҳийлесин аңламай, оны өзине дос тутынады. Күнлердиң биринде жылан жаўызлығын тырнаға өткериў ушын оннан ашық аспанға ушырыўды соранады. Тырна оның тилегин орынлап, жыланды аяғына оратылдырып аспанға ушады. Жылан жерден аспанға көтерилгеннен кейин тырнаның үстине шығып алады ҳәм оны өзине бойсындырыўға урынады. Жыланның бундай менменлиги төмендеги қатарларда анық көринеди:

Асылмайман қуйрығыңа,
Миндим ҳәзир ыйығыңа,
Ҳәддиң барма көнесең сен,
Енди мениң буйрығыма[1; 258].

Бирақ, тырна оған бағынбайды. Керисинше оны бир силкип, жерге атып урады. Нәтийжеде, жылан оғада бийиктен таслақққа түсип, жаны шығады ҳәм көл бойындағы жәнликлердиң ҳәммеси азап бериўши жаўыздан қутылады. Шығармада усындай жылан менен тырна образы арқалы сүўретленген ертеклик ўақыялар, қарама-қарсылықлы конфликтлер жақсылықтың жаманлықтан үстин келиўи менен жуўмақланады. Демек, халық шайыры бул поэмасының дәслепки қатарларында айтып өткен ақыл-нәсиятларын көркем тәсирли етип жеткериў мақсетинде шығарма композициясына тырна менен жылан образын ҳәм аллегориялық усылда сүўретленген халықлық ертек типиндеги сюжетли ўақыяны киргизген.

Жуўмақлап айтқанда, Т.Жумамуратов «Тырна менен жылан» поэмасында тәлим-тәрбиялық характердеги дидактикалық ой-пикирлерин көркемлик пенен ашып бериў ушын халық ертеклерине тән көркем сүўретлеў усылларынан, образ ҳәм мотивлерден шебер пайдаланған. Соның менен, шайыр поэмада ҳәр бир адамды кең пейил, ҳадал, әдил болыўға, менменликке берилип, дослыққа қыянет ислемеўге шақырыўшы дидактикалық идеяны көркем тәсирли етип ашыўға ерискен.

**ПАЙДАЛАНҒАН ӘДЕБИЯТЛАР: (REFERENCES)**

1. Аникин В.П. Русская народная сказка. – Москва: Учпедгиз, 1959.

1. Жумамуратов Т. Шығармалар жыйнағының 3 томлығы. 2-том. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1980.

2. Панеш С.Р. Особенности жанра поэмы в адыгейской литературе: 60-90-х годов XX века. Дисс... канд. филол. наук. – Майкоп: 2006.

6. Шорова Ж.К. Идейно-эстетическое своеобразие адыгейских литературных поэм-сказок. Дисс... канд. филол. наук. – Майкоп: 2002.